

Стр. 3

ПОЛИТИКА

Дорога перемен

ДИН ВА ГIУМРУ

Руччабазул ахIи



Стр. 4


# ЛЪАРАТIА

ЛъаратIа районалъул газета

№ 14 * октябрь 2014 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 10 гъ.


ЛЪУГЬА-БАХЪИН

# БИДУЛАБ БАЗАР

**Октябралъул 9-абилеб къоялъ Гъизляр шагьаралъул базаралда ккараб кьвагьа-гIанхъиялъул хIасилалда чIвана цо ва лъукъана чанго нилъер районалдаса гIолохъанчи. Республикаялъул информалатаз кьолеб букIана базаралдаса щолеб хайир бикьиялъе гIоло ккараб бугин гьеб лъугьа-бахъин. Нилъеда лъавухъе, гIолохъаби рукIана цIияв директорас базаралда хIалтIизе рачарал ва гьезул гьудулзаби. Кин гьел ккарал вахIшиял лъугьа-бахъиназда гьоркьоре?**



СалихIов Эльдар

## Гуллбузул закон

ГIемерисел гIадамазда лъала щиб гьениб лъугьарабали, амма щай гьедин ккараб абураб суалалъул пикру гьабуларо. Гьелъул бициналда цебе, мухIканго цебе чIезабизе ккола доб къоялъ базаралда букIараб жоялъул сурат. Базаралда рукIарал гIадамазул рагIабазда рекъон, 9 октябралда радал базаралде рачIана тIад ярагъ барал 30-го гIанасев чи. Гьезул цоял ана базаралъул администрация бугеб минаялда жанире, цогидал базар сверун хал гьабун чIана. Базаралда хIалтIун вукIаразул цояс гьадин бицунеб буго: «Дагьаб заманалдаса администрациялъул минаялда жаниб кьвагьа-гIанхъи байбихьана ва къватIир рукIарал гIолохъаби жанире рекерун ана. Кьвагьдолезул кодор рукIана «Сайга» чанахъанасул туманкIал ва таманчаял. Хадур гьеб минаялдаса къатIиреги рачIун кьвагьдезе байбихьана къватIир ругел гIолохъабазде. Базар сверун гьезда хадур лъугьун кьвагьулеб букIана. Ахирги гьел эркенго ана базаралдаса, бида вецIцIулев микьго чиги тун». Гьадинаб иш ккун буго доб къоялъ радал.

Кьвагьа-гIанхъиялъул хIасилалда чIвана Колоб росулъа 34 сон барав СалихIов Эльдар. Лъукъана гьебго росулъа ГIабдулаев МухIаррам, Якъубов Якъуб, Аюбов Руслан, Юсупов Билал ва жеги кIиго чи. Гьел гIолохъабазул лъабгояв вукIана базаралда цIи тIамурав коммерческияв директорас охранаялде хIалтIизе росарал чагIи. Базар ккола цоги шагьаразда ругел гIемерал базарал гIадин Дагпотребсоюзалъул базар ва гьенисан щвараб хайир уна рехсараб идараялде. Дагьалъ цеве базаралъул коммерческияв директорлъун тIамун вуго ЦIумадаса ХIусенов Руслан. Гьелде щвезегIан базаралда гIадлу гьабулев чи вукIун вуго щивалиго администратор даргияв МухIамадамин МухIамадов. ЦIи вачIарав коммерческияв директорас бачIунеб унеб гIарцул хал-шал гьабурабго батун буго ричарухъабаздаса щибаб моцIалъ бакIарулеб, амма кассаялде щвечIеб гIарац. Гьеб кибе абар абун цIехарабго гьев кIиясда гьоркьоб дагIба-къец ккун буго. Хадусеб къоялъ базаралда ханлъи гьабун ругьунлъарав даргияв вачIун вуго тIад ярагъ бараб, базаралдаса кваналеб халкъги бакIарун. РачIинахъего кьвагьи лъун буго базаралъул охранаялда рукIарал нилъер гIолохъабазде. ГьабсагIаталда кьвагьдаразул анкьго чи ккун вуго, уголовияб дело гьабун буго. Кьвагьдараб къагIидаялъухъ балагьарабго бихьулеб буго, тIоцебего гьеб мурадгун рачIун рукIин. Мисалалъе, лъукъарав Аюбов Русланида щун буго 12 гулла. ХутIараздаги гIезегIан щун руго.

## Чадидаса рикIкIалъарабго кьвагьдола

Дагпотребсоюзалъул киналго базарал рукIана СагIид Амировасда гъоркь. Живгоги гьев цеве гьеб идараялда хIалтIун вукIана. Гьес жиндие бокьухъе тIамулел ва рахъулел рукIана директорал. Щибаб шагьаралда рукIана гьеб базаралдаса кваналел, къо ккани Амиров цIунун къватIире рахъизе хIадурарал, тIад ярагъги барал гIадамал. Гьединаллъун рукIана Гъизляралда рукIаралги. Щибаб моцIалъ ричарухъабаздаса ракIарулел рукIун руго батIи-батIиял магъалаби, амма гьел жидеего толел рукIана. Директорлъун гьенив вуго цо щивалиго Колесников абурав гIурусав, амма жалго ричарухъабаздацин гьесул цIарги лъалеб гьечIо. Базар букIун буго даргиязул кодоб. Щалалиго контролерал абурал чагIаз щибаб моцIалъ гIадамазухъа унеб букIун буго гIарац. Дагпотреб-


*Ахир 2 аб. гьум.*


ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

## Баркула шапакъат



**Къоло щуабилеб октябралда тIобитIараб сессиялда администрациялъул бетIер Ражабов Ражабица цевеги вахъизавун кьуна ГьитIинов ГьитIинамухIамадие «Почетная грамота министерства экономики и территориального развития» абураб тIадегIанаб шапакъат.**

ГьитIинамухIамад ккола ЛъаратIа районалъул администрациялъул экономикаялъул комитеталъул председатель, районалъул администрациялъул идарабазда вищунго хIалбихьиги бугев ва жиндирго хIалтIиги лъалев нухмалъулезул цояв.

Баркула Гитиновасда тIадегIанаб шапакъат ва гьарула хIалтIулъ жеги кIудиял бергьенлъаби.

## ЦIияб поликлиникаялъул цIияй нухмалъулей



**ГIалиева ГIайшат ГIумаровна гьаюна 1979абилеб соналъ Хидиб администрациялъул ЧIилда росулъ хъулухъчагIазул хъизамалда. I995абилеб соналъ ЛъаратIа гьоркьохъеб школаги лъугIун, ГIайшат цIализе лъугьана МахIачхъала шагьаралъул медакадемиялда.**

2004 абилеб соналъ медакадемиялъул лечебний отделенияги лъугIун 2005абилеб соналъ цIалана ординатураялдаги. Гьебго соналъ хIалтIизе ячIана нилъер районалъул централияб больницаялде.

Гьаб соналъул тIоцебесеб сентябралдаса нахъе хIалтIулей йиго ЛъаратIа цIи рагьараб поликлиникаялъул нухмалъулейлъун.

КIВАР БУГЕБ СУАЛ

# АСЛИЯБ МУРАД – САХЛЪИ ЦIУНИ!!!

**Совет хIукумат гIуцIаралдаса жакъакъоялде щвезегIан, районалъ нахъе тана захIматаб, амма бахIарчияб нух.**

Байбихьуда мискинаб, гIодорегIанаб гIумруялъул шартIал рукIараб, шагьра-нухал, телефоналъул бухьен гьечIел, техника щиб жояли лъалареб нилъер ракь-район жакъа лъугьун буго гIелму-лъай цебе тIолеб, цIализе ва хIалтIизе киналго шартIал ругеб, квен ва ретIел гьарзаяб, цебетIураб цивилизациялъул гIаламатал гъорлъ ругеб ВатIанлъун. Амма, гьеб даражаялде нилъер район бигьаго бахичIо!

ГIадатияб гIумру-яшавги бихун колхозал гIуцIулеб заман, заманго иналде байбихьараб ВатIанияб рагъ. ВатIан цIунизе ахIун ана районалъул гIемерал гIолохъаби, гьездаго гьоркьор гIемерисел ана жидецаго гIарзаги кьун. Рагъда чIварал, хварал гурелги районалъе камуна захIматалъул сурсатал. Халкъ язихълъана, мискинлъана, чIваразда хадур гIодулел гIемерлъана. Гьеб хIалалда гIезарурал кванил нигIматал ритIизе ккана фронталде, багъулеб армиялъе. Амма къуркьичIо районалъул захIматчагIи! Гьелъул гIаксалда, рагъулал ва хадусел соназ хехго цебетIезе байбихьана гIи-боцIухъанлъи, хурухъанлъи, гъутабазда гIуцIана лъикIал магIишатал.


*Ахир 2 аб. гьум.*

ЛЪУГЬА-БАХЪИН

# БИДУЛАБ БАЗАР

*Байбихьи 1 аб. гьум.*

союзалъул лъазабиялда рекъон, гьев дагьабго заманалдаса нахъе витIизе вуго. Цеве вукIарав хисиялъе гIиллаги букIана базаралда гIадлу гьабизе бажарунгутIи.

## Эрекенаб Гъизляр ва лъебалазул «мафия»

Лъугьа-бахъин ккун хадуб Дагъисталъул гIемерисел журнал-газетазда ва интернеталда хъвалеб букIана базаралда жидерго гIадлу гьабизе рачIарал лъебелазе дандечIей гьабун бугин эркенлъи бокьулел Гъизляралъул гIолохъабаз. АбичIого гIоларо, гьединаб жоялда гIадамал божизеги божула, щайгурелъул, пикру гьабула жидедасаго.

Республикаялъул нухмулъуде ЛъаратIаса чи вачIун хадуб бугеб-щинаб буголъи гьез унеб бугилан ахIи-хIур гьабулеб буго цебеккун лъикI кваналел рукIарал цIогьаз ва гьезул сверухълъиялъ. Амировасулгун ГIабдулатIиповасулал рагъизе ккун ругилан хъвалеб букIана. Ккаралъул мухIканлъи лъазабулев чи вукIинчIо. ГIадатияб, Дагъистаналда гIемер букIунеб гIарац сабаблъун цо чияз гьабураб кьвагьа-гIанхъи бусс-синабулеб буго кIудиял политикиял ишазде. БукIинчIо гьениб кинабгIаги лъебелаз даргияздаса базар бахъиялъул хIужа. ХIатта, гьедин щай бахъуларебги? ГIезегIан кваначIищ гьел?

Ахиралда бокьун буго гъваридаб пашманлъиялда зигара базе райадминистрациялъул, редакциялъул рахъалдаса районалъул, Колоб росдал жамагIаталда ва СалихIов Эльдарил гIагарлъиялда. Алжан насиблъун батайги, бихьинаб гIамалалъул вас вукIана, гьединал кидаго камугеги. Лъала хутIарал гIолохъабиги, хасго дида цадахъ ДГУ-ялда цIалун вукIарав Якъубов Якъуб. Гьезул гIагарлъиялдаги пашманлъи загьир гьабулеб буго. Ккаралъур къватIире рахъизе хIадурарал васал кидаго рукIана нилъер, гьединаздаса руго гьал гIолохъабиги. ГьабсагIаталда кьвагьдарал ккун руго, унеб буго цIехрех.

Республикаялъул нухмалъиялъул баяназда рекъон, гьелда хадуб хал ккун буго ва гьел тамихIалде рорчIизе бакI гьечIо. Нагагьлъун рорчIаниги гьезие жидецаго бикараб гулла щвеялда ракIичIараб буго. Закон хIалтIуларелъуб биялъухъ би абураб магIарулазул гIадат хIалтIизе буго.

**РАМАЗАН РАЖАБОВ**

КIВАР БУГЕБ СУАЛ

# АСЛИЯБ МУРАД – САХЛЪИ ЦIУНИ!!!

*Байбихьи 1 аб. гьум.*

Жакъаги «кризисал» абурал жалаз кIвекIаниги, районалда киналго шартIал руго тIадегIанаб даражаялда гIумру-яшав гIуцIизе. Гьал киналго церехун рехсарал хIужабаздаго цадахъ, дагь-дагьккун байбихьана районалда сахлъи цIуниялъул суалазда тIад хIалтIизеги. БачIинахъего абизе ккола, бигьаго букIинчIо рагъда цересел ва хадусел соназда гьеб кIвар цIикIараб масъала тIубузабизе. Жив-жив чияс жиндие бокьахъе чIезаризе лъугьуна лъалелги лъаларелги хIужаби. Амма сахлъи цIуниялъул суалал тIуразаризе байбихьана лъеберабилел соназул ахиралда. Гьелде щвезегIан ва хадургицин районалда хIалтIизарулаан сах гьариялъул къагIидаби. Унтаралги гьезухъе унаан. Лъеберабилел соназул ахиралда, рикIкIада Россиялъул шагьараздаса рачIине байбихьана медицинаялъул гьоркьохъеб лъай бугел, аслияб къагIидаялда ясал. ГIоцере гьел рещтIана жакъа райбольница бугеб «Камчаткаялда», гьаб цIарги буго доз лъураб. ГIоцебе гьениб рагьана 5-I0 чиясе бакI бугеб гьитIинабго больница. Амма, абизе ккола, жакъасел медицинаялъул ресал гIагарде хъвангун рукIинчIилан. Бажараб кумекги гьабулаго, гьез нилъер гIадамал кантIизарулаан унтабаздасан цIунизе.



Рагъулал соназдаги районалъе медицинаялъул кумек гьоркьоса къотIичIо, гьелъул гIаксалда, районалъул росабалъ медицинаялъул пунктал рагьизе байбихьана ва гьеб тадбиралъ квер бакъана гIемерал унтаразе кумек гьабизе. Рагьдаса хадусел соназ гьеб кумек щулалъана ва гIатIилъана. Байбихьана районалде тIадегIанаб лъаялъул тохтурал рачIине. Киназулго цIарал рехсонги кIал гIвеларо, амма гьел рукIана ракIбацIадал, хIалтIи лъалел махшелчагIи. I950-абилел соназул ахиралдегIан районалде щварал тохтурзаби рукIана киналго район тун къватIисел. Нилъер районалдаса тIоцевесев тохтур ккола мунагьал чураяв Кутласа МухIамадов Шамиль Караевич. ГIемерал соназда гьев хIалтIана районалъул бетIерав тохтурлъун. Хадур, дагь-дагь ккун байбихьана районалдаса тохтурал хIадур гьаризе ва къватIичIого гIун рачIана бажари бугел, унго-унгояб медицинаялъул лъай босарал тохтурал.

ТIадегIанаб гIаданлъиялъул даражаялде рахъарал, унтаразда киданиги кIочонарел лъалкIал тана тохтурал ГIумаров Ибрагьимхалил МухIамадовичас, ШагIбанов ХIайдар ШагIбановичас, ГIумаров ХIайбула МухIамадовичас, Насрудинов Ибрагьим Насрудиновичас ва.гь.ц.

Районалъул сахлъи цIуниялъул даража тIадегIанго борхизабуна сахлъи цIуниялъул кIудияв гIуцIарухъан Чумчалов Абумуслим ХIажиевичас, гьединго ГьитIинов АхIмад МухIамадовичас, Ражабов ГIумарасхIаб Ражабовичас. Гьез гIуцIараб хIалтIи мугIрузул районазда лъидасаги нахъе ккараб букIинчIо. Жакъаги районалда медицинаялъул хIалтIи тIадегIанаб даражаялда гIуцIун бугин абуни мекъи ккеларо.

Лъалареб хIалалъ лъикIаб рахъалдехун хисун буго больницаялъул гьумер. Нацпроект «Здоровье» программаялда рекъон гIуцIун буго жаниб хIалтIиги. Сах гьарун къватIире риччаразул къадар къойидаса къойиде цIикIунеб буго. Гьарулел руго захIматал операцияби, цIикIунеб буго сияхIалде росулел унтаразул къадар, киналго лъимал(районалъул) гьарулел руго роддомалда, лъимал ругел руччабазда хадуб буго хасаб бербалагьи. ХIасил кьолеб хIалалда гIуцIун буго рахулел унтабазул профилактикияб хIалтIи, планалда рекъон ва жеги хIалуцун хIалтIулеб буго флюорография. Унтаби чIезаризе УЗИ-аппараталъ гьабулеб буго кумек. Росабалъ ругел больницабазда, тохтурзабазул амбулаториялда, медпунктазда гIуцIун буго гIалабазда рекъараб хIалтIи. Больницаялда нухмалъулез хIаракат бахъулеб буго борхизабизе гIолохъанал тохтурзабазул лъай борхизабиялда тIад, профилактикаялъулаб хIалтIиялда тIад. Районалъул сахлъи цIуниялъул даража борхизабиялда тIад хIалтIулев вуго кIвахI гьечIев, хIалтIи бокьулев, цере чIарал масъалаби ричIичIулев, жеги гIолохъанав бетIерав тохтур Юсупов Асадулагь ГIумарович. КIиго соналъ цебе гьаб больница бихьарал, жакъа цIидаса гьанире щваразда бихьулеб буго гьанир ругел чIахIиял хиса-басиял. ЦIидасан къачIан, ремонтал гьарун, квегIенлъи гьабун буго терапиялъул ва лъималазул отделениязе, поликлиникаялъул киналго бутIабазе. ЦIияб, гьаб заманаялъул киналго шартIал жанир гIуцIараб кIитIалаялъул минаялъубе гочун буго хирургиялъул, гинекологиялъул ва лъимал гьарулел отделениял, кинабго гьаб заманаялъул хIажатаб щинаб жо жаниб рекъезабурал, гьел хIалтIулелги руго заманалъул тIалабазда рекъон. Киналго ресал жаниб гIуцIараб, хIалтIулеб буго «хехаб кумекалъул» отделениягиги. БетIерав тохтурасул пикруялда рекъон, кватIичIого хIалтIизе буго «хехаб кумекалъул» кIиабилеб бригада. Гьелъ рес кьезе буго районалъул рикIкIадал росабазул гIадамазе медицинаялъул кумек гIагарлъизабизе. БукIине бегьула гьеб бригада тIасияб мухъалда хIалтIулеб. Больницаялъул аслияб бечелъи ккола медицинаялъул хIалтIухъаби ва гьезда гьоркьор руго хIалтIи бажарулел ва махшел бугел хIалтIухъаби. ХIакълъунго, мисалияб куцалъ хIалтIулев вуго бетIерав тохтурги.

ПалхIасил, жакъа районалъул централияб больница ккола гIадамал сагъ гьаризе анцIгоялдасаги цIикIун профилалъул рес бугеб, киналго шартIалги ругеб, жакъасел тIалабазда рекъон хIалтIулеб коллектив. Щаклъизе бачIунаро районалъул захIматчагIазул сахлъи цIуниялда тIад киналго медикал кIвахI тун хIалтIизе рукIиналда. Гьединаб хIалтIуе гIуцIун руго киналго шартIал!!!

**КIУЛИЗАНОВ Дибир,**
**Дагъистаналъул сахлъи цIуниялъул мустахIикъав хIалтIухъан**

# ПРОКУРАТУРА РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН СООБЩАЕТ:

**Во исполнение задания прокуратуры Республики Дагестан, прокуратурой района проведена проверка на предмет возможности проведения образовательного процесса в школах, находящихся в аварийном состоянии.**

Так на территории района находятся и функционируют 2 аварийные школы – муниципальное казенное образовательное учреждение «Сикарская средняя образовательная школа» и муниципальное казенное образовательное учреждение «Шидибская средняя образовательная школа».

Проведенной проверкой установлено, что в МКОУ «Сикарская СОШ» ввиду ежегодного и последовательного оползня, месторасположение школы и школьное здание не отвечает санитарно-гигиеническим требованиям; не соблюдается температурный режим из-за трещин; здание и классные комнаты не поддаются ни косметическому, ни капитальному ремонту; нет водопровода и канализации.

Также в ходе проверки установлено, что МКОУ «Шидибская СОШ» является 50х-60х годов застройки, построенная без учета элементарных санитарно-гигиенических нормативов. В частности, здание школы построено вплотную к скале, в теневой части, где постоянно просачиваются дождевые и талые воды, в связи, с чем в школе постоянно бывает сырость и плесень. Ремонт и санитарно-техническое состояние школы неудовлетворительное; пищеблок и спальные помещения в аварийном состоянии (из-за отсутствия условий и помещений стандартный пищеблок не установлен); окна прогнившие, имеются пробоины в оконных рамах; косметическому и капитальному ремонту оба корпуса школы не поддаются.

На основании вышеизложенного, в нарушении Федерального Закона №52-ФЗ от 30.03.1999г. «О санитарно-эпидемиологическом благополучии населения», и несоответствия санитарно-эпидемиологическим правилам и нормам по общеобразовательным учреждениям (СанПиН 2.4.2.2821-10 «Санитарно-эпидемиологические требования к условиям и организации обучения в общеобразовательных учреждениях») проведение образовательного процесса в МКОУ «Сикарская СОШ» и МКОУ «Шидибская СОШ» не возможно.

Принимая во внимание изложенное, прокуратурой района в адрес учредителя данных школ, главы администрации МО «Тляратинский район» внесено представление об устранении нарушений федерального законодательства.

**И.о. прокурора района**
**юрист 1 класса**
**И.М. ВАКИЛОВ.**

ПОЛИТИКА

# ДОРОГА ПЕРЕМЕН



Имеет ли перспективы Аваро-Кахетинская дорога?

**Редакциялъул цеберагIи: Гьаб макъала бахъун букIана «Новое дело» газеталда. Аваро-Кахетиялъул нух нилъер район цебетIеялъе ругел аслиял шартIазул цояб букIинги хIисабалде босун, гьединго нилъер гIадамазул раккулел щай нух бахъиялъул хIалтIи гьоркьоб къотIун бугеб абурал суалазе жаваб щолебги букIун, редакциялъул хIукму ккана макъала районалъул газеталдаги бахъизе. Нижеца цебеккунги хъван букIана гьеб нухлул хIакъалъулъ, амма республикаялъул газеталда бахъараб гьаб макъалаялъ цо-цо балъгоял бакIазда канлъи речIчIизабулеб буго.**

С тех пор как главой республики Рамазаном Абдулатиповым было заявлено о необходимости строительства дороги, связывающей Дагестан с Закавказьем, прошло более года. В июне 2014 дагестанцам даже был представлен предварительный проект, а в Шамильском районе был запущен новейший асфальтобетонный завод, который, по словам руководства ГКУ «Дагавтодор», ориентирован именно на эту дорогу. Однако после нападения неизвестных на дорожных строителей работы на этом участке прекращены. «НД» анализирует, каковы перспективы у проекта в нынешних политических и социально-экономических условиях, взвешивает плюсы и минусы и оценивает возможные риски.

## Не та дорога

В самом начале строительных работ на дороге в Шамильском районе шли разговоры о том, что это не что иное, как осуществление масштабного проекта, который соединит Дагестан с Грузией. И даже после нападения на строителей крупные республиканские и федеральные информагентства пестрили заголовками о том, что напали на строителей, работающих на Аваро-Кахетинской дороге. Однако стоит уточнить, что на данный момент на строительство этой дороги не выделено ни одного рубля. Более того, проект не получил необходимого одобрения федерального центра. На данном этапе он находится в зачаточном состоянии, в мыслях и намерениях (благих) руководства республики и Дагавтодора.

А те работы, что осуществлялись на дороге, проводятся в соответствии с программой по доведению асфальта до райцентров, рассчитанной до 2020 года. Правда, непонятно, почему работают в том месте, где уже есть асфальт, когда десятки километров ужасной грунтовой дороги идут дальше. Таким образом, работа по строительству Аваро-Кахетинской дороги пока еще не проводится. Некоторыеинформационщики из Белого дома то ли по незнанию, то ли сознательно, радипровластной пропаганды, вносят путаницу и позиционируютэти работы как начало строительства крупнейшей дороги. В Дорожном агентстве республики нам сообщили, что в данный момент на этом участке пауза – строители ушли и, похоже, возвращаться не торопятся.

Несомненно, упомянутый проект имеет колоссальное значение не только для горных районов, но и для всего Дагестана, и если Москвой будет приняторешение реализовать его,то это будет толчок для экономического развития депрессивных горных районов, так как параллельно будет создана дорожная инфраструктура (кафе, рестораны, гостиницы, заправки и т.д.), и люди получат работу.Таким образом, приостановится отток населения на равнину, снизятся конфликты на почве земельных отношений,неумение решать которые, как правило, приводит к межнациональным конфликтам. Появится возможность развивать туризм. Транскавказская магистраль, проходящая через горы Дагестана, соединит Северный и Южный Кавказ, станет мостом, обеспечивающим совместное их развитие в русле единой кавказской цивилизации. Кроме того, дорога обеспечит поток товаров через Грузию в Азербайджан, Армению и Турцию, что немаловажно в условиях нынешнихсанкционных войн с Западом. Дорога всегда является положительным фактором для развития экономики и укрепления межнациональных, межгосударственных и других связей. Тем более такая, как Аваро-Кахетинская, которая имеет давнюю историю. Но для осуществления этой мечты необходимо сделать очень много шагов, первым из которых является...

## Создать информационный фон

Читатель, прочитавший первую главку, может возмутиться и спросить: зачем столько шума, если на самом деле еще ничего не сделано, если Москва ничего еще не одобрила. Тем более, что проект требует двустороннего согласования на межгосударственном уровне. Не берусь утверждать, осознанно это делается руководством Дагестана или же само собой так получилось, из желания выдать желаемое за действительное, но точно можно сказать, что создание положительного информационного фона вокруг этого проекта, обоснование необходимости и постоянное муссирование этой темы в средствах массовой информации только положительно повлияет на дальнейшее продвижение проекта.

Так, приводим маленький пример. Сразу после совершения нападения на строителей в Шамильском районе на главной ленте федерального информационного агентства REGNUM висела новость о происшествии, переданная из Дагестана. И буквально на следующий день, основываясь на этой новости и опрашивая всех компетентных лиц с грузинской стороны, один из крупнейших телерадиокомпаний Грузии канал «ИМЕДИ» подготовил передачу об этой дороге. То есть всего лишь одна публикация федерального информагентства возбудила интерес грузинского телеканала, и в грузинском обществе началось обсуждение возможных плюсов от строительства этой дороги, различные эксперты и даже члены правительства Грузии высказались относительно открывающихся перспектив... И только Москва пока упорно хранит молчание. При возможном лоббировании проекта Москвойгрузинская сторона будет готова к диалогу, что намного ускорит работу. Более того, этот самый фон может сыграть роль и во время лоббирования проекта в Москве. Одно дело, когда региональный руководитель приходит с проектом, которого москвичи могут заподозрить в продвижении собственных интересов, и совсем другое, когда в обществе сформировано положительное отношение к проекту.

## Реакция по ту сторону хребта

Теперь о том, какова же конкретная реакция грузинской стороны на возможное строительство новой дороги. Надо признать, оценки самые разные: одна часть экспертов отмечает положительные для грузинской стороны моменты, а другаяпереживает за безопасность своей страны. Вот как оценил перспективы строительства дороги министр экономики Грузии Георгий Квирикашвили, который отметил положительную сторону проекта в части появления альтернативы пропускномупункту Ларс, который находится на границе с Северной Осетие. «Думаю, неплохо будет, если появится альтернативная дорога, – сказал министр, – чтобы было движение товаров между Грузией и Россией, когда на Ларсе у нас появляются проблемы, вызванные стихией. В призме политической, конечно, проблем никто не снимал, и здесь требуется решение. Но в том, что будет существовать новая дорога, повторяю, нет чего-то особого в плане безопасности. Думаю, чем больше дорог, тем лучше».

Министр иностранных дел Грузии Майя Панджикидзе в понедельник 13 октября заявила, что дорога, которая свяжет Кахетию с Дагестаном, является сложным объектом и требует всестороннего изучения. При этом не исключила, что эта тема может быть затронута в ходе встречи спецпредставителя премьер-министра Грузии по урегулированию отношений с Россией Зураба Абашидзе с заместителем главы МИД России Григорием Карасиным. «Тема требует изучения. Мы не получали официального сообщения со стороны России. Встреча в формате Абашидзе – Карасин состоится скоро, вопрос этот на повестке не стоит, но возможно будет обсуждаться», – заявила министр. Примерно также высказался и замминистра Давид Джалагания, заявивший, что эта тема содержит определенные угрозы для Грузии и требует изучения. Вместе с тем он подчеркнул, что пока это внутреннее дело России, и с грузинской стороной по данному вопросу консультаций не проводилось.



Однако в Грузии хватает и тех, кто однозначно убежден в том, что дорога несет военную угрозу для них. Так, в комментарии, данном тому же агентству REGNUM грузинский военный эксперт, главный редактор военно-аналитического журнала «Арсенали» Ираклий Аладашвили заявляет, что в ситуации, когда два государства находятся в военном положении, дорога может создать для них много проблем. «Кавказский хребет всегда был для Грузии естественной преградой от угрозы, исходящей с северного направления. Главное, чтобы по новой дороге передвигались автомобили и автобусы, а не танки, и чтобы эта дорога не сыграла для Грузии ту же роль, что сыграл Рокский тоннель в августе 2008 года. В условиях мира дороги – это всегда хорошо, но ситуация между странами такова, что Грузия видит в этой дороге определенные угрозы», – пояснил эксперт. Напомним, во время военного конфликта в Южной Осетии в августе 2008 года российские танки за короткое время оказались в Цхинвале, прорвавшись через Рокский тоннель, соединяющий Северную и Южную Осетию.

## Стимул для изменения взаимоотношений

На данном этапе мы видим, что пока все идет правильно, хотя и нет каких-либо серьезных шагов и судьбоносных решений. Везде и всюду дагестанской стороной объясняется, причем обоснованно, необходимость этой дороги для экономики не только нашей республики, но и для экономик двух стран. С грузинской стороны, мы видим, тоже есть интерес к дороге. По крайней мере, министр экономики об этом прямо заявляет.Но факт, что, несмотря на то, что в Грузии Россию считают оккупантом и агрессором, страны возобновили торговые отношения, и установлен безвизовый режим с Россией. Это о многом говорит. В первую очередь об экономических связях, которые необходимо сохранять, не смотря на остроту в политических отношениях. Новая дорога только усилит торговлю.

В случае если дорога все-таки будет построена, она может стать ключевым фактором для улучшения взаимоотношений между Грузией и Россией и даже способствовать установлению окончательного мира. Любая война имеет под собой экономическую основу. В этом случае крепкие экономические связи могут не допустить развития конфликта. Да и России скорее нужен мир с Грузией, так как политические цели уже достигнуты и нет смысла дальнейшего обострения. Важно укрепить экономические связи. Дорога – один из факторов. Она может стать началом перемен политических курсов двух стран по отношению друг к другу. Дагестанские власти должны теперь убедить Кремль, что этот проект крайне перспективен.

**Рамазан РАДЖАБОВ**
**«Новое дело» газеталдаса босараб**

ДИН ВА ГIУМРУ

# РУЧЧАБАЗУЛ АХIИ

**ТIадегIанав Аллагьас хирияб Къуръаналъул «ан-Нисаъ» сураялъул тIоцебесеб аяталда абулеб буго (магIна): «Ле, гIадамал! Нуж хIинкъа Аллагьасукьа, Жинца нуж цо рухIалдаса рижарав». Гьелъул магIна ккола руччабиги бихьиналги ращадал рукIин, ай цояз цоял гIодорегIан гьаризе бегьунгутIи.**

Жеги ТIадегIанав Аллагьас хирияб Къуръаналъул «аль-Исра» сураялъул 70-абилеб аяталда абулеб буго (магIна): **«Нижеца Адамил лъимал тIадегIан гьаруна»**, ай Жинца бижанщинаб жоялдаса хирияблъун, тIадегIанаблъун гьабун буго Адамил лъимер. Адамил лъимер абураб рагIиялъ анире рачуна руччабиги бихьиналги. Хас гьабураб бакIалда рехсон рукIуна «бихьинчи», «чIужугIадан» абун.

Гьелде тIадеги, бихьинчиясда тIад гьабун буго чIужугIадан хьихьизе, гьелъие хIажатабщинабги чIезабун. Цо нухалъ сапаралда рукIаго жинда свалат-салам лъеяв аварагасда рихьана вараниялда тIад рекIарал руччаби ва вараничиясин абуни, гьеб цIакъ бекеризабулеб. Гьеб мехалда свалат-салам лъеяв аварагас абула: «Дуца цIорол гъамасал раччулел руго, цIодорлъиялда баче варани», – абун. Гьедин Аллагьас ращад гьарун рижарал, жеги тIокIгицин гьарун ругел руччаби жакъа гIодорегIан гьарулев чи щив – жалгойищ ялъуни цогидалищ?

ГIодорегIан гьарийин абураб рагIул магIналъун гьаб бакIалда ккола – халкъалда цере гьел реххи, гьезул цебе лъураб черхалдасан дармие пайда боси, гIарац гьаби ва гь.ц.

Дагъистаналъул шагьаразда гали бахъа-бахъаралъур руго рекламаби, гьелъул щибалда чIужугIаданги йиго бащдай толохIочарай. Гьел сураталгьарулел чагIазул жидерго руччабидай гьечIел, бокьилищ гьезие жидерго руччаби гьезул бакIалда лъезе?

Ялъуни, жийго чIужугIадан разияй ятани, гьей щай кантIизаюларей – чан суратал ругел нилъерго руччабазул, ай Шамил имамасул ракьцоязул? Капурал руччабазулгицин суратал щайдай нухнухалда чIвалел – хIакъаб жо, гьел суратаз Аллагь ракIалде щвезавуларо!

Дандекквезин Ставрополь шагьар – гIемерисел капурзаби жанир ругеб, бусурбаби дагьаб, ругелги гьедин абизе диналъул ургъел бугел гIемер гьечIел. Цо нухалъ гьеб шагьаралъул бищун халатаб къотIносан ине ккана дун. Гьениб чанго бакIалда ругоан социалиял рекламаби – кIудиязул адаб гьабизе, гьитIиназда гурхIизе ахIулел.

Бугоан реклама диваналъул, тIад бегун берцинаб кетоги бугоан. Дун гIажаиблъун хутIана – МахIачхъалаялда гьебго диваналъул рекламаялда катил бакIалда егун чIужугIадан йиго (эбелинсуда церецин лъимал регун рукIин нилъер диналда жаниб адаб тейлъун рикIкIуна), «ретIелалъул» бицинчIого телин! Телефоназул букIа, рестораназул букIа, цогидаб къайиялъул букIа рекламаялъул гIемерисезда бихьинал руго. Руччабиго гьечIин гуро дун, амма нилъер гьаниргIан гIемерал ва «бакъалде реххарал» гьечIо.

Гьелдасан щибха бичIчIулеб? Дагъистаналдайищха руччаби гьадигIанго учузлъун ругел, рекламаялъе хIалтIизаризе? Бихьинчи гъоркьан ретIелалда гъорлъ къватIиве ваккани, гьев ахIмакълъун гьавулеб, руччаби гъоркьан ретIелгицин къабихIаб ретIун рихьизе бегьулеб – гьеб кинаб диналдаса босараб хIукму?

Нилъер кIудияв имам Шамилица гурищ абун бугеб: «Бихьинчи бихьинчилъун вугони, чIужугIадан чIужугIаданлъунги йикIуна», – ян. Чияр ругониги, щалали лъаларел ругониги, гъол руччабилъидал, бегьиларо гьел къабихI гьаризе, гьезда тIад релъизе. Руччабазеялдаса цIикIкIун гIакълу кьурал бихьиназ щай гьел цIунуларел, щай гьезие гIакълу кьолареб, жидерго диван бичун иналъулги, рестораналде гIадамал рачIиналъулги гурони ургъел гьечIого, рекламаялъе руччаби лъолел бихьинал ругони, руччаби руччабилъунги рукIинаро. Свалат-салам лъеяв аварагас абун буго бихьиназда: **«Аллагьас нужеде аманат гьарун кьун руго руччаби, нужеца гьеб кутакалда тIадчIун тIубай. Нужеда тIадаб буго гьезие квен ва ретIел кьезе»**, – абун.

Бихьиназдаса кидаго тIалаб гьабулеб жо буго руччаби цIуни, гьезул тIалаб гьаби, киданиги бегьуларо гьел инжит гьаризе, къварид гьаризе, гьезул яхI-намус гIодобегIан гьабулеб куцалъ гьездехун балагьизе. Гьедин бугебищха гьанже? Бокьарай чIужугIаданалда ккезе бегьула кIудияб шагьаралъул халатаб къотIноб, куц-мухъги белъараб, бетIералда кIазги бачIеб сурат жиндир лъун бугони, жий кутакай «цIва» йигин, цIар арай гIадан йигин. Гьеб букIина гьелъул гIакълу – бихьиназул гIакълу киб бугеб?

Берцинаб рагIиялъ, кантIизариялъ битIараб нухде рачIинчIел гIадамазде тIаде Аллагьас квешал чагIи тIамизе рес буго. ХIинкъизаюн бараб кIазалдасан гьелъие пайда дагьаб букIина, Аллагьасукьа хIинкъун баралъул Аллагьасда аскIоб пайда букIина. РачIа нилъеца нилъерго рокъоб гIадлу гьабизин, руччабиги битIараб нухда тIоритIизин, кантIизаризин, цIунизин гьел мекъи ккеялдаса.

КIочонге: эмен, вац, вас, рос, ниж руго нужеде божилъи гьабун тарал чагIи, тIалаб гьабе нижер!

**ГIайшат НУРМУХIАМАДОВА**



СУАЛ – ЖАВАБ СУАЛ – ЖАВАБ СУАЛ – ЖАВАБ СУАЛ – ЖАВАБ СУАЛ – ЖАВАБ СУАЛ – ЖАВАБ

**Дида рагIана какие чури гьабулаго чурулел лугбаздаса ида рагIана какие чури гьабулаго чурулел лугбаздаса щибаб лагаялъ гьабураб мунагь чурулин. БетIералда масхIу щибаб лагаялъ гьабураб мунагь чурулин. БетIералда масхIу гьабулаго чурулел мунагьал щал?**

БетIералда масхIу гьабулаго чурулел мунагьал ккола бетIер хIарамаб жоялъул пикру гьабизе тIами, бусурбанчи хIачIого гьесда нахъасан бетIер кIобокIизаби, чIухIдае ботIрол рас къачIай, чIухIдае тIад багьаяб тIагъур лъей.

*(ФатхIул ГIаллам)*

**Кинал каказе ният гьабулаго абизе кколеб паризаябилан?**

Ният гьабулелъул паризаябилан абизе кколаункъо батIияб какилъ:

1) Щибаб къойил балеб щуябго как.

2) Назру гьабун тIаде босараб суннатаб как.

3) Жаназаялде балеб как.

4) Къойил балеб щуябго какалдасан кIиабизеги цIигьабун балеб как.

*(Тухфатул МухIтаж)*

**Паризаял каказе щуябго гIуж хасс гьабиялъул хIикмат аризаял каказе щуябго гIуж хасс гьабиялъул хIикмат щиб?**

Гьаб щуябго гIуж буго ТIадегIанав Аллагьасул гIажаибаб къудратги хIикматал пишабиги загьирлъулеб. Гьел пишабиги ккола:

1 ) БецIлъиялъ кинабго бакI бахчун хадуб, рогьелги баккун, канлъи биччан бачIин.

2 ) Бакъ зодил бакьулъангиун, гьелъул камилаб гвангъиги кунчIиги загьирлъи.

3) Бакъ жибго тIерхьулеб рахъалдехун гьетIи ва кинабго эхетараб жоялъе жибгогIанасеб рагIад лъугьин.

4) Бакъ тIерхьин ва сверухълъиялде бецIлъи рехизе лъугьин.

5) Бакъ тIерхьунеб рахъалда букIараб кунчIиги лъугIун, сверухълъи тIубанго бецIлъи.

Гьал пишаби рихьидал лагъзадерие рекъараб буго гьезул щибалда аскIоб гьеб кинабго гьабулев, жал рижарал БетIергьанасде руссине, гьесие гIибадаттIагIатги гьабун.

*(ИгIламул анам шархIу Булугъил марам)*



**Мажгиталда жаниб дунявияб калам гьабизе бегьулищ?**

ШафигIияб мазгьабалъул кIудияв гIалим имам Нававияс «ШархIул Мугьаззаб» тIехьалда хъвалеб буго: «Мажгиталда жаниб хIалалаб калам бицине бегьула, дунявиял амрабазда хурхараб батаниги, гьелъул хIасилалда релъи гIадаб жо хIасуллъулеб бугониги».

Муслимица бицараб хIадисалда буго: «Хирияв Расул рогьалил какги бан бакъ баккизегIан жив вукIараб бакIалдаса тIаде вахъунев вукIинчIо. Бакъ баккидал гьевги нижги тIаде рахъун мажгиталда жанир дандельулел рукIана ва нижерго исламалде рачIиналдего ккарал лъугьабахъиналги ракIалде щвезарулаан. Ниж гъоркьо-гъоркьор релъулел рукIана, хирияв гьимулев вукIана». Амма лъалеб жо буго хабар бицине бегьи бараб букIин гьенир гIибадат гьабулел чагIазе квалквал гьабунгутIиялда. Гьедин, квалквал кколеб хIал бугони, хабар бицине бегьуларо, хассго имамас вагIза-насихIат гьабулеб мехалда гьелъухъги гIенеккичIого, гIенеккаразе квалквалги гьабун.

*(ШархIул Мугьаззаб)*

**Редактор:** Расул Абакаров
**Газета гIуцIарал:** Лъаратlа районалъул администрация ва редакциялъул хlалтlухъабазул коллектив.

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0l06

Материалалда рихьизарурал хlужаби ритlарал рукlиналъул жавабчилъи тlаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечlого рукlинеги бегьула.

**Адрес редакции:** 368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
**Тираж 1100 экз. Индекс: 5l372.**

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу: г. Махачкала, Пушкина, 6
Заказ № _______
Подписано в печать 15.10.2014